# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA SOCIALLÍQ TARAWDÍ RAWAJLANDÍRÍWDA ÁMELGE ASÍRÍP ATÍRǴAN IS-ILAJLAR

**Iskenderov Alisher Bazarbaevich,**
**Jaksimuratov Azamat Bekmurat ulı**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedogogikalıq institutı
E-mail: jaqsimuratov004@gmail.com

## ANNOTATSIYA

Mámleketimizde bazar ekonomikası shárayatında sociallıq taraw xızmetleriniń materiallıq taraw óndiris tarmaqları iskerliginde áhmiyetlilik úlesi joqarı. Sonlıqtan, bul maqalada Ózbekistannıń sociallıq tarawdı rawajlandırıw ushın qabıl etip atırǵan párman hám qararları, ámelge asırıp atırǵan is-ilajları, bul ilajlardıń nátiyjeleri ilimiy tiykarda geografiyalıq kóz-qarastan táriyplep beriledi.

**Tayanısh sózler:** sociallıq taraw, sociallıq qorǵanıw, Háreketler strategiyası, densawlıqtı saqlawı, bilimlendiriw tarawı.

# MEASURES IMPLEMENTED IN THE DEVELOPMENT OF THE SOCIAL SPHERE IN THE REPUBLIC OF UZBEKISTAN

## ABSTRACT

In the conditions of the market economy in our country, the contribution of social services to the activity of material industries is high. Therefore, in this article, the decrees and decisions adopted by Uzbekistan for the development of the social sector, the measures implemented, the results of these measures are described on a scientific basis from a geographical perspective.

**Key words:** social sphere, social protection, action strategy, health sphere, education sphere.

Mámleketimiz bazar ekonomikasına basqıshpa-basqısh ótiw hám bazar ekonomikasın erkinlestiriw hám liberallastırıw, ótmishte mámleket tárepinen alıp barılǵan birqansha wazıypalardı jeke sektorǵa ótkeriw, mámleket byudjetin optimallastırıw, jańa sanaat jónelislerin hám jeke sektordıń finanslıq jaǵdayın jaqsılaw, sonday-aq, onıń mámleket ekonomikasındaǵı roli hám úlesiniń artıwı byudjet pullarınıń bir neshe ese asırıw imkanın berdi. Ǵarezsizlik jıllarında mámleket byudjeti qárejetleri quramı ózgerdi. Házirgi waqıtta mámleket qárejetleri quramında kúshli sociallıq siyasat júrgiziw hám xalıqtı sociallıq qollap-quwatlawdı ámelge asırıw

tiykarğı orında iyeledi. Nátiyjede, sociallıq taraw hám xalıqtı sociallıq qollap-quwatlawǵa qaratılǵan qárejetler úlesi 1991-jıldaǵı 31,5 % procentten 2000-jılda 42,5 procentke hám 2011-jılı 59 procentke ósti. [6]

Mámleketimizde sońǵı jılları sociallıq tarawdı rawajlandırıw ushın birneshe nızam, párman hám qararlar qabıl etildı. Mısalı: "2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı jónelisi boyınsha Háreketler strategiyası" Ózbekstan Respublikası Prezidenttiniń 2017-yil 7-fevraldaǵı qararı, "2022-2026-jıllarda jańa Ózbekstandı rawajlandırıw haqqında" Ózbekstan Respublikası Prezidenttiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı qararı, "Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyası" Ózbekstan Respublikası Prezidenttiniń 2022-jıl 25-iyuldaǵı Pármanı, "Ózbekstan Respublikasın 2030-jılǵa shekem "jasıl" ekonomikaǵa ótiwge qaratılǵan jańalanıwlar ónimdarlıǵın asırıw is-ilajları haqqında" Ózbekstan Respublikası Prezidenttiniń2022-jıl 2-dekabrdegi qararı.

"2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes baǵtiykarǵı jónelisi boyınsha Háreketler strategiyası" (endigiden bılay maqalada 2017-2021-jıllarǵa mólsherlenge «Háreketler strategiyası», - dep júriledi) na muwapıq, ekonomika jáne sociallıq tarawdıń jedel ósiwine alıp kelgen úlken ózgerisler ámelge asırıldı. Bul mámlekettiń derlik barlıq turaqlı rawajlanıw maqsetlerin aktiv hám maqsetli ámelge asırıw ushın kúshli tiykar bola aldı. Ózbekstan Respublikasın jánede rawajlandırıw boyınsha 2017-2021 jıllarǵa mólsherlengen «Háreketler strategiyası»nda kórsetiliwinshe tórtinshi taraw «Sociallıq tarawdı rawajlandırıwdıń birinshi gezektegi wazıypaları» dep atalıp, onda:

- xalıqtıń bántligi hám real tabıs dereklerin asırıp barıw;
- xalıqtı sociallıq qorǵaw hám den-sawlıqtı saqlaw sistemasın bunnan bılayda jetilistiriw, hayal-qızlardıń sociallıq-siyasiy aktivligin asırıw;
- arzan úy-jaylar qurıw boyınsha maqsetli baǵdarlamalardı ámelge asırıw, xalıqtıń turmıs sharayatların jaqsılawdı támiyinlewshi jol-transport, injenerlik-kommunikaciya hám sociallıq infrastrukturalardı rawajlandırıw hám modernizaciyalaw;
- bilimlendiriw hám ilim tarawların elede rawajlandırıw;
- jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattı bunnanda bılay jetilistiriw kózde tutılǵan.

Pármanda Háreketler strategiyası bes basqıshınıń orınlanıwın támiyinlew ushın elimizde jıllarǵa beriletuǵın atamalardan kelip shıǵıp hár bir jıl ushın mámleketlik baǵdarlamalar qabıl etiw názerde tutıldı. Sonıń ishinde, Ózbekstanda sociallıq tarawdı rawajlandırıw ushın elimizde 2017-jıl Xalıq menen sáwbet hám insan mápleri jılı, 2018-jıl Isbilermenlik, innovatsion idealar hám texnologiyalardı qollap-quwatlaw jılı, 2019-jıl Investitsiyalar hám sociallıq rawajlnıw jılı, 2020-jıl Ilim-marifat hám sanlı ekonomikanı rawajlandırıw jılı, 2021-jıl Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalq

salamatlıǵın bekkemlew jılı, 2022-jıl Insan qádirin ullılaw hám abat máhelle jılı, 2023-jıl Insanǵa itibar hám sıpatlı tálim jılı retinde belgilendi.

Joqarıda kórsetilip ótilgen is-ilajlardıń hámmesi mámleket byudjeti tárepinen ámelge asırıldı. Sonlıqtan, mámleketimizdiń sońǵı jıllardaǵı byudjet dáramatların kórip shıǵıw orınlı. Mámleketimizde tuwrıdan-tuwrı salıqlar arqalı 2019-jılı 31,7 trln swm, 2020-jılı 45,2 trln swm, 2021-jılı 58,9 trln swm, 2022-jılı 68,5 trln swm, tikkeliy bolmaǵan salıqlar arqalı 2019-jılı 46,4 trln swm, 2020-jılı 46,4 trln swm, 2021-jılı 56,2 trln swm, 2022-jılı 73,1 trln swm, resurs tólemleri hám mal-múlk salıqları arqalı 2019-jılı 19,6 trln swm, 2020-jılı 21,2 mlrd swm, 2021-jılı 23,0 mlrd swm, 2022-jılı 25,7 mlrd swm, basqa dáramatlar arqalı 2019-jılı 14,3 mlrd swm, 2020-jılı 20,0 mlrd swm, 2021-jılı 26,5 mlrd swm, 2022-jılı 32,6 mlrd swm dáramat kelip túsken. Juwmaqlastırıp aytqanda, mámleketimiz byudjet dáramatları maqsetli fondlardan túsken dáramatlardan basqa byudjet dáramatı 2019-jılı 112,1 trln swmdı, 2020-jılı 133 trln swmdı, 2021-jılı 164,8 trln swmdı, 2022-jılı 199,5 trln swmdı quraǵan. [7] Mine usı byudjet pullarınıń hár jılı 60 procentten artıǵı xalıq salamatlıǵın jaqsılaw, bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw, xalıqtı arzan úy-jaylar menen támiyinlew kibi sociallıq tarawlardı rawajlandırıwǵa qaratıladı.

Jáhan Banki Ózbekstan ekonomikasın bıyılǵı jılda 5,1 procentke ósiwin prognoz qılıp atır. Shólkem mámleketimizdiń ekonomikalıq ósiwin yanvardaǵı prognozlarǵa salıstırǵanda 0,2 procent dárejege jaqsılaǵanın aytıp ótken. [8]

Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen 2022-jıl 28-yanvarda tastıyıqlanǵan "2022-2026 jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası" islep shıǵılǵan hám ámelge asırılıp atır. Rawajlanıw strategiyasınıń tiykarǵı maqsetleri:

- xalq abadanlıǵın jáne de asırıw;
- ekonomika tarmaqların modernizaciyalaw;
- isbilermenlikti jedel rawajlandırıw;
- insan huqıq hám máplerin sózsiz qorǵaw;
- aktiv puqaralıq jámiyetin qáliplestiriw hám xalıqtı sociallıq qollap-quwatlawdan ibarat.

2020-jılda Ózbekstan BMSH nıń joqarı dárejedegi siyasiy forumında birinshi Íqtıyarıy Milliy Esabattı usınıs etti. COVID-19 pandemiyası turaqlı rawajlanıwdıń milliy maqsetleri hám wazıypaların ámelge asırıwǵa ayırım ózgertiw hám qosımshalar kirgiziwge sebep boldı. Bıraq ta, túrli ishki hám sırtqı qıyınshılıqlarǵa qaramastan, sońǵı úsh jılda ekonomika jáne social tarawdıń barlıq tarawların túpten ózgertiw boyınsha salmaqlı nátiyjelerge erisildi.

Usınıs etip atırǵan bul ekinshi Íqtıyarıy Milliy Esabat Ózbekstannıń turaqlı rawajlanıw maqsetlerin keleshekte maqsetli finanslıq támiynlew, jeke sektor hám isbilermenlikti qollap-quwatlaw hám xoshametlew, demografiylıq rawajlanıw menen

baylanıslı milliy ayırmashılıqlardı sáykeslestiriww, háyeller hám jaslardı qollap-quwatlaw siyasatın kúsheytiw, gender teńligi boyınsha málim potencial hám imkaniyatlardı ashıp beredi. Esabatda «2022-2026 jıllarda Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası»nıń rawajlanıw maqset hám wazıypaları menen proporcionallıǵı hám óz-ara baylanıslılıǵı zárúrli orındı iyeledi. [5]

Sońǵı jıllarda Ózbekstannıń social rawajlanıw boyınsha siyasatı keskin ózgerdi. Atap aytqanda, den-sawlıqtı saqlaw sistemasın jetilistiriw boyınsha qatar jumıslar ámelge asırıldı. Mısalı: 1373 awıllıq medicina orayları qısqartılıp, olar ornına 793 awıl shańaraqlıq poliklinikaları, 441 medicinalıq tez járdem bólimleri hám kúndizgi emlewxanalar ashıldı. 306 qala hám rayon emlewxanalarında jańa qánigelestirilgen poliklinikalar hám 1200 dana medicinalıq tez járdem bólimleri shólkemlestildi. Aymaqlardaǵı kóp tarmaqlı medicina orayları 14 stacionar hám cifrlı mobil rentgen apparatları, 8 MRT apparatları, respublika hám 6 wálayat onkologiyalıq mekemeleri 6,5 million dollarǵa 152 túrdegi gammaterapiya apparatları hám úskeneleri menen támiynlendi. Bul ilajlar xalq den-sawlıǵı hám salamatlıǵı ushın qolay ortalıq jaratıp atır.

Bilimlendiriw tarawında bir qansha unamlı ózgerisler júz berdi. Mısalı: mektepke shekem bilimlendiriw mekemeleri sanı 2017-jıldaǵı 27,7 % ten 2021-jılda 62,4 % ke shekem ósti hám mektepke shekem bilimlendiriw mekemeleri sanı 5211 den 19316 danaǵa kóbeydi. 2017-2021-jıllarda joqarı bilimlendiriw mekemeleri sanı 77 den 199 ǵa, joqarı oqıw orınlarınıń qabıllaw kvotası bolsa derlik 4 esege asırılıp, 38 procentke jetkizildi.

Juwmaqlaw ornında, respublikamızda sociallıq tarawlardı rawajlandırıw eń áhmiyetli faktorlardan biri bolıp esaplanadı. Sociallı tarawlar qanshelli rawajlanǵan sayın xalıqtıń turmıs keshiriwi hám abadanlıǵı artıp baradı. Rawajlanǵan mámleketlerde óndiris tarawlarınan kóre óndirislik emes tarawlardıń úlesi joqarı ekenligi bunıń ayqın dálili esaplanadı. Sonlıqtanda respublikamızda sociallıq tarawlardı bunnan bılayda jedel pátte hám xalıqtıń turmıs sharayatın unamlı túrde jaqsılaw elimizde alıp barılıp atıǵan áhmiyetli reformanıń kórinisi dep atawımızǵa boladı.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR (REFERENCES)

1. 2022-2026-yillarda Yangi O‘zbekistonni rivojlantirish tog‘risida (O‘zbekiston Pespublikasi Prezidentining 2022-yil 28-yanvardagi qarori).
2. O‘zbekiston Respublikasi aholisini ijtimoiy himoya qilish strategiyasi (O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022-yil 25-iyuldagi Farmoni).

3. O‘zbekiston Respublikasini 2030-yilgacha “yashil” iqtisodiyotga o‘tishga qaratilgan islohotlar samaradorligini oshirish chora tadbirlari to‘g‘risida (O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 02.12.2022 yildagi qarori).
4. O‘zbekistonni Respublikasini yanada rivojlantirish bo‘yicha harakatlar strategiyasi to‘g‘risida (O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 7-fevraldagi qarori).
5. O‘zbekistonning 2030-yilgacaha barqaror rivojlanish sohasidagi milliy maqsad va vaziyfalarni amalga oshirish to‘g‘risida iqtiyoriy amaliy hisobodi.
6. Statistik to‘plam. T.: O‘zbekiston. 2013, 128 b.
7. Statistika agentligi maǵlıwmatları.
8. World Bank. 2023. Global Economic Prospects: Darkening Skies. June. Washington, DC: World Bank.

**Internet tarmaqları:**

1. www.stat.uz
2. www.lex.uz
3. www.soliq.uz